# БАРЛЫҚ ИСБИЛЕРМЕНЛЕР ДЫҚҚАТЫНА!

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (53 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (53 KB)

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 6-марттағы “**Қарақалпақстан Республикасында киши санаат зоналарын шөлкемлестириў илажлары ҳаққында**”ғы қарарына тийкарланып “Қарақалпақстан Республикасы киши санаат зоналары дирекциясы” мәмлекетлик унитар кәрханасы шөлкемлестирилди.

Усы қарар тийкарында **Амударья, Беруний, Шымбай, Тахиаташ, Хожели** ҳәм **Қоңырат** районларында мәмлекет мүлки болған ҳәм мәмлекет үлеси болған хожалық жүритиўши жәмийетлердиң пайданылмай атырған ислеп шығарыў майданлары ҳәм объектлери негизинде **киши санаат зоналары** шөлкемлестирилип, исблерменлик субъектлерине бизнес режелерди, жумыс орынларын жаратыў ҳәм сақлаў, барлық түрдеги салықлар ҳәм мәжбурий төлемлерди өз ўақтында төлеў шәрти менен соңынан мүлк ҳуқықы берилген ҳалда **5** жыллық узақ мүддетке "**ноль**" ставкада ижараға бериледи.

Соның менен бирге, **киши санаат зоналарында** инвестиция жойбарларын әмелге асырыў, импорт үскенелер ҳәм оларға аўысық бөлеклер алып келиў ушын жеңиллетилген кредит линиялары да ашылғанлығын мәлим етемиз.

**Киши санаат зоналарында** импорт орнын басатуғын ҳәм экспортқа бағдарланған таяр өнимлер, материаллар ҳәм аўысық бөлеклер ислеп шығарыў кәрханаларын жайластырыў нәзерде тутылған.

**Ҳурметли исбилерменлер!**

Сизлерди киши санаат зоналары қатнасыўшысы болыўға мирәт етемиз.

“Қарақалпақстан Республикасы киши санаат зоналары дирекциясы”

**Мағлыўмат ушын телефонлар: 222-05-35, 222-26-27**

Sa'ne: 30.03.2018 17:04, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'